

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI JEUNG RÉKOMÉNDASI

Dina ieu bab dipedar ngeunaan kacindekan, implikasi, jeung rékoméndasi tina panalungtikan anu geus dilaksanakeun.

5.1 Kacindekan

Dumasar hasil panalungtikan kapanggih aya tujuh runtusan dina prak-prakan Upacara Adat Bantayan di Kecamatan Jonggol Kabupatén Bogor nyaéta *kahiji*, aya sawér pangantén, nyaéta disawér diképréstan ku béas, dipirig ku dangdang haleuang. Sarta mapatahan ka pangantén yén mun geus hirup rumah tangga, hirupna geus ma'mur jeung geus kacumponan kudu daék méré ka batur.

Kadua, buka pintu mangrupa panganténan anu mibanda siloka tata tertib ngadegna rumah tangga. *Katilu*, aya meuleum jeung miteskeun harupat, nyaéta meuleum tujuh harupat, tuluy di pareuman ku pangantén ku cara di tiup, di asupkeun kana kendi anu eusina cai.

Anu *kaopat* nincak endog di mimitian ku pangantén lalaki nincak endog anu dibungkus palastik, tuluy dampal sukuna diberesihan ku pangantén awéwé. Anu *kalima*, meupeuskeun kendi nyaéta kendi dicekel ku pangantén duaan, pangantén lalaki nyekel handap bujurna sedengkeun pangantén awéwé nyekel hulu kendina. Tuluy kendi dipeupeuskeun babarengan.

Kagenep, aya prosesi huap lingkung nyaéta pangantén nyokot sangu konéng anu sahuapeun tuluy silih huapan, silih inuman. Kitu deui kolot ka anakna séwang-séwangan. Anu *pamungkas* nyaéta sungkeman, ménta panghampura ka indung jeung ka bapa sarta neda pidua tina sagala niat. Keur anak mah hirup-hirupna kumaha ridona indung jeung bapa. Utamana pisan du'a indung, komo deui rék rarabi rék rumah tangga.

Anapon mangpaat jeung tujuan ayana Upacara Adat Bantayan nyaéta pikeun ngamumulé budaya, pikeun peupeiyeuh pépéling, panggeuing, kususna ka calon pangantén anu rék hirup rumah tangga, umumna pikeun urang anu nongton jeung ngadéngékeun éta Upacara Adat Bantayan. Aya ogé pikeun ngébréhkeun rasa sukur ti pihak pangantén awéwé ka pangantén lalaki, sarta pikeun hiburan.

Ajén sosial budaya anu nyampak dina Upacara Adat Bantayan nyaéta katitén tina sakabéh runtuyan diantarana nu *kahiji* sawér pangantén, katitén tina bahan anu dipaké dina ieu prosési ngawurkeun béas, konéng, permén, kekembangan, seureuh, duit récéh. Tuluy dipayungan ku payung agung. Anu *kadua* buka pintu, panto anu masih kénéh ditutupan ku samping kebat. Carana ditilik tina calon pangantén lalaki maca salam jeung syahadat. Samping kebat dina ieu prosési miboga ma'na yén tanggungjawab kolot ti pangantén awéwé geus leupas atawa masrahkeun ka pangantén lalaki anu geus jadi salaki.

Katilu, meuleum jeung miteskeun harupat, harupat ogé salah sahiji bagian tina tangkal kalapa bédá ti tangkal anu séjén. Ti akar nepi ka pucuk taya barang nu kapiceun, kabéh mangpaat. Gedé pisan mangpaatna pikeun kahirupan urang Sunda. *Kaopat* dina prosési nincak endog biasana sok dipatalikeun jeung hal-hal nu cawokah sarta patali jeung kasucion pangantén awéwé. *Kalima*, aya meupeus kendi, tina bahan anu digunakeun nyaéta kendi, alesanna kusabab kendi dijieunna tina taneuh, sarua kawas manusa dijieunna tina taneuh.

Kagene huap lingkung, anu dilengkepan ku bakakak hayam anu miboga ma'na cawokah sarta dipatalikeun jeung *hubungan suami istri*, kusabab sarua jeung bentuk hayam dina bakakak nu didangkakkeun téa. Anu *pamungkas*, aya prosési sungkeman, nyaéta ménta panghampura ka indung jeung ka bapa sarta neda pidua tina sagala niat. Utamana pisan du'a indung, komo deui rék rarabi rék rumah tangga. Salian ti éta aya sababaraha ajén-inajén anu séjénna tina Upacara Adat Bantayan saperti ajén filosofis, ajén religi/kaagamaan jeung ajén ékonomi.

5.2 Implikasi jeung Rékoméndasi

Upacara Adat Bantayan di Kecamatan Jonggol Kabupaten Bogor, mangrupa salahsahiji tradisi anu beunghar kabudayanana, luhung agamana, sarta ngeuyeuban rupaning budaya di tatar Sunda. Panalungtikan ngeunaan Upacara Adat Bantayan di Jonggol tangtu ngabutuhkeun sababaraha *elemen* masarakat pikeun jadi objék sarta informan dina ieu panalungtikan. Kabeungharan budaya di tatar Sunda hususna dina bantayan di Jonggol ditalungtik sangkan bisa méré mangpaat, salahsahijina mangpaat pikeun dokuméntasi kabudayaan.

Dokuméntasi kabudayaan lian ti miboga mangpaat sangkan entragan saterusna apal kana kabudayaan entragan saméméhna, ogé bisa dimangpaatkeun keur kabutuhan séjén, saperti pikeun ngeuyeuban data atawa dadasar panalungtikan anu aya patalina jeung budaya, sarta bisa dijadikeun udagan atawa babandingan pikeun panalungtikan ngeunaan kebudayaan hususna di tatar Sunda. Ayana hji panalungtikan pasti dibarengan ku kahéngkéran jeung kaonjoyan séwang-séwangan.

Sarta kawatesan ku waktu, cara ngumpulkeun data sarta sampel masarakat anu jadi informan ogé hal-hal séjén anu patali jeung métode ngeunaan panalungtikan masih kénéh kudu dilengkepan. Kabeungharan budaya dina ieu upacara adat sabenerna loba kénéh, lantaran ieu panalungtikan kawatesan jeung museur kana hiji hal, ku kituna perlu diayakeun panalungtikan anu leuwih daria kana hal-hal séjén anu patali jeung ieu tradisi.